**दिन–रविवार** **दिनांक–15.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक लाख करोड़ टाकाक शहरी चुनौती कोष के स्वीकृति देल जयबाक लेल केन्द्रीय मंत्रिमंडलक सराहना कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे ई कोष उच्च गुणवत्ताक शहरी अवसंरचना प्रदान करबाक संगहि देशक आर्थिक वृद्धिक मुख्य आधार बनत। शहरी चुनौती कोष, गृह आ शहरी मामिलाक मंत्रालयक एक केन्द्र प्रायोजित संयुक्त योजना अछि। एकर अंतर्गत अगिला पांच वर्ष मे शहरी क्षेत्र मे कुल चारि लाख करोड़ टाकाक निवेश कयल जायत।

---

रेलवे मे आब सामान्य श्रेणी यानि जनरल कोच मे सेहो सफाई फर्स्ट क्लास जकां होयत। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे एहि पहलक अंतर्गत आरंभ मे छओ मासक भीतर पैघ दूरीक अस्सी रेलगाड़ी के चिन्हित कयल जायत। ओ कहलनि जे एहि रेलगाड़ी मे एक सँ डेढ़ घंटाक अंतराल पर सफाई लेल अलग सँ कर्मचारी राखल जायत।

---

मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि पचीस लाख महिलाक खाता मे दस–दस हजार टाकाक राशि अंतरित करताह। पटना मे आयोजित समारोह मे एहि योजनाक अंतर्गत महिला लाभुकक खाता मे दू हजार पांच सय करोड़ टाका डीबीटीक माध्यम सँ पठाओल जायत। एहि क्रम मे जिला मुख्यालयक संगहि पंचायत स्तर धरि कार्यक्रम आयोजित कयल जायत।

---

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव कहलनि अछि जे बिहार बजट मे किसान, युवा आ महिला लोकनिक संग मध्यम वर्ग लेल कतेको महत्वपूर्ण प्रावधान कयल गेल अछि। श्री यादव आइ दानापुर मे बजट पर आयोजित प्रेस कांफ्रेंस मे कहलनि जे केन्द्रीय बजट सँ बिहार मे विकासक गति के बढ़ावा भेटत।

---

महाशिवरात्रिक पर्व आइ पारंपरिक श्रद्धा आ भक्तिमय माहौल मे मनाओल जा रहल अछि। एहि पावन अवसर पर शिवालय सभ मे महादेवक जलाभिषेक आ पूजन करबाक लेल श्रद्धालु लोकनिक भीड़ देखल जा रहल अछि। शिवालय सभ ओम नमः शिवाय मंत्र सँ गुजयमान भेल अछि। हमर संवाददाता लोकनि संवाद देलनि अछि जे महाशिरात्रि के लऽकऽ चारू दिस भक्तिमय माहौल बनल अछि। मुजफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ मंदिर, सोनपुरक हरिहरनाथ, सुल्लतानगंजक अजगैबीनाथ, दरभंगाक कुशेश्वर स्थान, मधुबनीक कपिलेश्वर स्थान, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान आ समस्तीपुर जिलाक प्रसिद्ध खुदनेश्वर स्थान तथा थानेश्वर स्थान मे श्रद्धालुक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। समस्तीपुर जिलाक मुजौना गाम मे अवस्थित पीतांबरनाथ महादेव मंदिर सहित आनो मंदिर मे विशेष पूजा–अर्चना, आरती कयल जा रहल अछि। कतेको ठाम शिव–पार्वतीक विवाह समारोहक आयोजन भऽ रहल अछि। एहि के लऽकऽ आकर्षक शोभायात्रा सेहो निकालल जा रहल अछि। पटनाक खाजपुरा शिवमंदिर मे आयोजित समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो सम्मलित भऽ रहल छथि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महाशिवरात्रिक अवसर पर देशवासी लोकनि के बधाई देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री कामना कयलनि जे भागवान शिव सभ देशवासी आ भारत लेल प्रगतिक मार्ग प्रशस्त करथि। एम्हर, राज्यपाल आरिफ मोहम्म खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह लोक सभ के महाशिवरात्रिक बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। दोसर दिस महाशिवरात्रि के लऽकऽ पुलिस–प्रशासन सुरक्षाक व्यापक व्यवस्था मे लागल अछि। जिला मुख्यालय सभ सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे कतेको संवेदनशील क्षेत्र मे पुलिस फ्लैग मार्च कयलक अछि।

---

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन द्वारा भारतीय सुदूर संवेदन संस्थान देहरादूनक सहयोग सँ आयोजित स्पेस साइंस एंड टेक्नोलॉजी अवेरनेयस ट्रेनिंग दू हजार छब्बीसक कार्यक्रम संचालन लेल दरभंगाक ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय के नोडल केन्द्रक रूप मे स्वीकृति देल गेल अछि। ई कार्यक्रम विश्वविद्यालयक भूगोल विभागक तत्वावधान मे आयोजित कयल जायत।

———————————————————————————————————————

आईसीसी टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकप मे आइ भारतक मोकाबिला अपन चिर–प्रतिद्वंद्वी पाकिस्तान सँ होयत। ई मैच कोलंबोक आर प्रेमदासा स्टेडियम मे भारतीय समयानुसार सांझ सात बजे शुरू होयत। पूल मे दुनू टीम दू–दू मैच खेलिकऽ चारि–चारि अंकक बराबरी पर अछि।

———————————————————————————————————————

समाप्त